

!Atansyon!, !Mesaj ijan!, !Ou dwe chèche delivrans etènèl nanm ou, se sèlman JEZI KRIS ki sove!

JEZI KRIS se Chemen delivrans

Jan 14:6 JEZI reponn li: -Se mwen menm ki chemen an. SE MWEN menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsounn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.
Travay 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou.

Tout moun fè peche epi yo bezwen sove.

Women 3:23 Tout moun peche, BONDYE ki gen pouvwa a bay yo tout do.
Women 6:23 Peche peye kach, se lanmò li bay. Men kado BONDYE bay gratis la, se lavi etènèl nan JEZIKRI, SENYÈ nou an.

Nanm ou pral pase letènite nan Peyi Wa ki nan BONDYE a oswa nan letan dife a (pinisyon etènèl) ki se dezyèm lanmò a.

Matthew 13:41-43 Moun BONDYE voye nan lachè a va voye zanj li yo pou yo wete tout moun k'ap fè lòt moun fè peche, ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal. Y'a mete yo deyò nan Peyi kote I WA A.

Tout moun dwe repanti pou peche yo M.

Mak 1:15 Li t'ap di yo konsa:-Jou a rive. Kounyeya, BONDYE ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. TOUNEN VIN JWENN BONDYE. ASEPTE BÒN NOUVÈL LA.
Travay 2:38 Pyè reponn yo:-Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non JEZIKRI, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa SENTESPRI, kado Bondye a.

Ou dwe fèt ankò epi resevwa

LESPRI SEN.

Jan 3:3 JEZI reponn li:-Anverite sa m'ap di ou la a se vre:Pesonn pa kapab nan wayòm BONDYE a si li pa fèt yon lòt fwa.
Travay 19:5-6 Lè yo tandè sa, yo mande pou resevwa batèm nan non SENYÈ JEZI. Apre sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi SENTESPRI desann sou yo.Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesay ki sòti nan Bondye.

Obeyi kòmandman JEZI epi viv yon Lavi Sen.

Matye 7:21 -Se pa tout moun k'ap plede di: Senyè, Senyè non, k'ap antre nan peyi wa ki nan syèl la. Men se sèlman moun ki fè volonte PAPA mwen ki nan syèl la k'ap ka antre.
2 Timote 2:19 Men, pa pè. Fondasyon solid BONDYE te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: MÈT la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se pou Senyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal.

!Vire lwen idolatri!

Egzòd 20:4-5 Piga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Senyè a, BONDYE nou an, mwen se yon BONDYE ki fè **JALOUZI**. Lè yon moun rayi m, mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa.

!Atansyon!, !Mesaj ijan!, !Ou dwe chèche delivrans etènèl nanm ou, se sèlman JEZI KRIS ki sove!

JEZI KRIS se Chemen delivrans

Jan 14:6 JEZI reponn li: -Se mwen menm ki chemen an. SE MWEN menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pèsounn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.
Travay 4:12 Se li menm sèl ki ka bay delivrans paske Bondye pa bay non okenn lòt moun sou latè ki kapab delivre nou..

Tout moun fè peche epi yo bezwen sove.

Women 3:23 Tout moun peche, BONDYE ki gen pouvwa a bay yo tout do.
Women 6:23 Peche peye kach, se lanmò li bay. Men kado BONDYE bay gratis la, se lavi etènèl nan JEZIKRI, SENYÈ nou an.

Nanm ou pral pase letènite nan Peyi Wa ki nan BONDYE a oswa nan letan dife a (pinisyon etènèl) ki se dezyèm lanmò a.

Matthew 13:41-43 Moun BONDYE voye nan lachè a va voye zanj li yo pou yo wete tout moun k'ap fè lòt moun fè peche, ansanm ak moun k'ap fè sa ki mal. Y'a mete yo deyò nan Peyi kote I WA A.

Tout moun dwe repanti pou peche yo M.

Mak 1:15 Li t'ap di yo konsa:-Jou a rive. Kounyeya, BONDYE ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. **TOUNEN VIN JWENN BONDYE. ASEPTE BÒN NOUVÈL LA.**
Travay 2:38 Pyè reponn yo:-**Tounen vin jwenn Bondye**, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non JEZIKRI, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa SENTESPRI, kado Bondye a.

Ou dwe fèt ankò epi resevwa

LESPRI SEN.

Jan 3:3 JEZI reponn li:-Anverite sa m'ap di ou la a se vre:Pesonn pa kapab nan wayòm BONDYE a si li pa fèt yon lòt fwa.
Travay 19:5-6 Lè yo tandè sa, yo mande pou resevwa batèm nan non SENYÈ JEZI. Apre sa, Pòl mete men sou tèt yo, epi SENTESPRI desann sou yo.Yo pran pale nan lang lòt peyi, yo t'ap bay mesay ki sòti nan Bondye.

Obeyi kòmandman JEZI epi viv yon Lavi Sen.

Matye 7:21 -Se pa tout moun k'ap plede di: Senyè, Senyè non, k'ap antre nan peyi wa ki nan syèl la. Men se sèlman moun ki fè volonte PAPA mwen ki nan syèl la k'ap ka antre.
2 Timote 2:19 Men, pa pè. Fondasyon solid BONDYE te mete a, li la toujou. Men pawòl nou jwenn make sou li: MÈT la konnen moun ki moun pa li. Tout moun ki di se pou Senyè a y'ap viv, se pou yo sispann fè sa ki mal.

!Vire lwen idolatri!

Egzòd 20:4-5 Piga nou janm fè okenn estati ni okenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Senyè a, BONDYE nou an, mwen se yon BONDYE ki fè **JALOUZI**. Lè yon moun rayi m, mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa.